



ANJAGI PENGABDIAN DATENG ALLAH SAKSAMPUNIPUN ROMADHAN

Dening: Ust. Dwi Budiyanto, M.Hum.

(Ketua Bidang Organisasi dan Keanggotaan, PW Ikadi DIY)

Nyalin Basa: Tim Khutbah Basa Jawa PW Ikadi DIY

السلام عليكم ورحمة الله وبركاته

الله أكبر, الله أكبر, الله أكبر,

الله أكبر كبيرا والحمد لله كثيرا وسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا, لَا إِلَهَ إِلَّا
اللهُ وَحْدَهُ, صَدَقَ وَعْدُهُ وَنَصَرَ عَبْدَهُ وَأَعَزَّ جُنْدَهُ وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ *
لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ وَلَوْ
كَرِهَ الْمُشْرِكُونَ وَلَوْ كَرِهَ الْمُنافِقُونَ *

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ، نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ
أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ، وَمَنْ يَضِلَّهُ
فَلَا هَادِيَ لَهُ.

وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا
عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ، وَصَفِيُّهُ وَخَلِيلُهُ، فَصَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَعَلَى آلِهِ وَمَنْ سَارَ عَلَى
نَهْجِهِ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. أَمَّا بَعْدُ:

فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ. يَقُولُ اللَّهُ تَبَارَكَ وَتَعَالَى
فِي كِتَابِهِ الْعَزِيزِ:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, Walillahil hamd,

Ma'asyiral Muslimin ingkang dipun rahmati Allah,

Alhamdulillah. Enjang menika kita ngaturaken syukur dhumateng Allah Swt., awit saking sampun nyampurnakaken puasa Ramadhan sedangu setunggal wulan. Punika wau karunia ingkang agung saking Allah Swt. paringaken dhumateng kita sedaya. Allah Swt. Sampun nganugeraken kesempatan lan kalodhangan, kekiatan kangge nglampahi dhawuhipun Allah ing dalem Alquran.

وَلِتُكْمِلُوا الْعِدَّةَ

“Lan apike sliramu nyukupake wilangane ..” (Q.s. Al-Baqarah: 185).

Raos syukur mboten saget namung rikala kepanggih wulan romadhon, ananging sekalian syukur amargi dipun paringi taufik, bimbingan lan hidayah, pituduh kangge ngisi saklebetipun wulan Ramadhan kanthi kethoatan. Kita bersyukur amargi Ramadhan tahun menika kita saget nindakaken syiyam kanthi sampurna, tarawih langkung sae, maos Alquran kaliyan semangat, infaq shodaqoh kanthi optimal, maringaken takjil kanthi gampil, iktikaf kanthi tekun, lan nindakaken ibadah ibadah sanesipun kanthi maksimal. Mila enjang menika kita sesarengan ngagungkaken Allah Swt kaliyan takbair kados pangandikanipun Allah ing Alquran

وَلِتُكَبِّرُوا اللَّهَ عَلَى مَا هَدَاكُمْ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ

“Lan apike sliramu ngagungake Allah awit saka hidayahe marang sliramu lan supaya sliramu dadi wong sing syukur” (Q.s. Al-Baqarah: 185).

Sumangga kita sadar bilih takbir ingkang kita kumandangaken inggih punika perangan raos syukur kita dhumateng Gusti Allah Swt. Kados pundi raosipun nikmat ing wulan Romadhon. Gusti Allah gampilaken kita sedanten kagem ngibadah nindakaken ketoatan langkung kiyat kabandhingaken dinten sanesipun. Saben dalu kita nindakaken tarawih tanpa kendhat. Alquran dipun waos saben wekdal, pengaosan saderengipun buka, Sanesipun Gusti Allah Swt ugi nggampilaken kita wungu langkung awal. Mboten namung sahur, ananging ugi sholat ndalu. Mekaten karunia Allah Swt. Ingkang langkung ageng ingkang dipun paringaken dhumateng kita selami wulan Ramadhan kala wingi.

Sakmenika dinten Ramadhan panci sampun rampung, ananging posisi kita dados tiyang ingkang gadhah iman inggih kawulanipun Gusti Allah mboten rampung. Kita kedah ngruwat raos pengibadahan kita dhumateng Allah SWT dumugi puput yuswa kita. Saksampunipun Romadhan kita kedah ngerawat kebiasaan ingkang sampun katindaaken ing wulan Romadhon, inggih menika waosan al-Quran, shalat jamaah shalat ndalu, cekap Romadhan tetep ngibadah

وَاعْبُدْ رَبَّكَ حَتَّى يَأْتِيَكَ الْيَقِينُ

“Lan sembahen Rabb-mu / Gusti Allah tekan tekane karo sing kudu diyakini yaiku pati (ajal).” (Q.s. Al-Hijr: 99)

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, Walillahil hamd,

Ma'asyiral Muslimin ingkang dipun rahmati Allah,

Kehambaan kita dhumateng Allah Swt. Mboten gumantung ing Ramadhan. Menika kesadaran ingkang kedah tertanem ing pribadi kita piyambak. Ugi wonten ing keluarga kita. Para ulama asring paring nasehat :

كُنْ رَبَّانِيًّا وَلَا تَكُنْ رَمَضَانِيًّا

“Dadiya kowe kawula-kawulane Allah lan aja dadi kawulane wulan Romadhon. ”

Menawi kita dados hamba Ramadhan, mila ibadah kita namung sewates Ramadhan kemawon. Shalat kanthi jamaah kita ing masjid kendel, saksampunipun Ramadhan. Waosan Quran kita kendel saksampunipun Ramadhan. Infak lan sedekah kita pupus sabakda Ramadhan. Kosok wangsulipun, ngrasani lan ngina, ngawoni liyan pun tindakaken saksampunipun Romadhon. Kamaksiatan enteng dipun lampahi saksampunipun Ramadhan. Na'udzubillah min dzalik. Kita kedah mboten dados hamba Ramadhan. *Kun Rabbaniyan*. Dados hamba Allah Swt. Menawi kita dados hamba Allah Swt., mila saksampunipun Ramadhan kita badhe usaha sekijat kemampuan kangge njagi ketaatan dhumateng Allah Swt. Kita tetep njagi shalat jamaah wonten ing masjid. Kita tetep ngruwat kabiasaan tilawah Alquran. Kita tetep ngruwat infak lan sedekah. Kita tetep nglampahi puasa-puasa sunah. Kita lajeng njagi lisan saking pangandikan awon. Kita badhe tetep ngruwat ketaatan dhumateng Allah Swt. Supados lajeng nyaekaken saben griya keluarga muslim. Sebab, para ulama ngemutaken:

بُئْسَ الْقَوْمُ الَّذِينَ لَا يَعْرِفُونَ اللَّهَ إِلَّا فِي رَمَضَانَ

“Sak elek-eleke wong yaiku deweke kang ora ngerti marang Allah kejaba mung ana ing wulan Ramadhan.”

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, Walillahil hamd,

Ma'asyiral Muslimin Ingkang dipun rahmati Allah,

Wonten ing saklebet ing wulan Ramadhan kita tansah ngengetaken bilih tujuan siyam wonten ing wulan Ramadhan punika kagem anggayuh taqwa. Kita sampun asring midanget saha apal pangendikanipun Allah SWT wonten quran surat Al Baqarah ayat 183 :

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ

“Hai wong-wong kang padha iman, den wajibake marang sira pasa kaya kang wus den wajibake marang wong-wong sakdurunge sira supaya sira padha taqwa.”

(Q.s. Al-Baqarah: 183).

Menawi Ramadhan mujudaken ketaqwaan wonten ing diri kita, pramila tugas ingkang paling ageng sasampunipun Ramadhan inggih menika anjagi taqwa kita wonten ing sedaya papan lan kawontenan, kalebet wonten ing njawinipun Ramadhan. Taqwa kedah wonten ing saben griyanipun kulawarga Muslim. Taqwa ugi kedah wonten ing papan pakaryan kita. Taqwa ugi kedah wonten ing saben-saben lampah kita. Taqwa kedah wonten rikala kita piyambakan, lan ugi rikala sareng-sareng pyantuk kathah. Wonten Ing sedaya kahanan, taqwa kedah tansah diugemi lan dipun jagi supados tansah katingal lan anjagi diri pribadi kita minangka piyantun Islam. Sangking Abu Dzar Jundub bin Junadah lan Abu Abdurrahman Mu'adz bin Jabal Radhiyallahu anhum, Rasulullah Saw ngendika,

إِتَّقِ اللَّهَ حَيْثُمَا كُنْتَ ، وَأَتَّبِعِ السَّيِّئَةَ الْحَسَنَةَ تَمَحُّهَا ، وَخَالِقِ النَّاسَ
بِحُلُقِ حَسَنٍ

“Takwa’a marang Allah ing ngendi wae. Lan nututana tumindak kang ala kanthi tumindak kang becik, mesthi kang becik mesthi bakal ngilangi kang ala. Lan sawungana manungsa kanthi akhlak kang luhur” (H.r. At-Tirmidzi).

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, Walillahil hamd,

Ma’asyiral Muslimin Ingkang dipun rahmati Allah,

Ittaqillah haitsumma kunta. Takwa’a marang Allah ing ngendi wae, artosipun wonten ing sak lebetipun romadhan lan ugi wonten ing sak njawinipun Ramadhan. Ampun ngantos mandheg kagem langkung taat dumateng Allah. Ibadah kita mboten namung wonten ing wulan Ramadhan kemawon. Ibadah saha ketaatan kita dumateng Allah badhe tetep kita jagi ngantos kita pejah marak sowan dumateng Allah SWT.

وَاعْبُدْ رَبَّكَ حَتَّى يَأْتِيَكَ الْيَقِينُ

*“Lan sembahen Pengeranmu nganti tumeko pati marang sliramu”
(Q.s. Al-Hijr: 99).*

Kados pundi caranipun kita ngruwat lan nglestareaken taqwa kita ngantos dumugi akhir gesang kita? Kados dene motivasi utawi pendorong anggen kita nindakaken amal wonten ing saklebeting wulan Ramadhan lan ugi wonten ing sak njawinipun wulan Ramadhan inggih menika iman lan *ihtisab*. Iman lan saha pepinginan ingkang kiat kagem anggayuh ridhanipun Allah SWT. Sangking Abu Hurairah r.a., Nabi Saw. ngendika

مَنْ صَامَ رَمَضَانَ إِيمَانًا وَاحْتِسَابًا غُفِرَ لَهُ مَا تَقَدَّمَ مِنْ ذَنْبِهِ

“Sapa wae kang nindakake pasa Ramadhan kanthi adedasar iman lan *ihtisab*, mesthi dosane sing wus kepungkur den ngapuruumpuni.”

(H.r. Bukhari-Muslim).

Ibnu Hajar wonten ing Fathul Bari nerangaken bilih ingkang dipun maksud “*ihtisab*” inggih menika nyuwun ganjaran saking Allah SWT. Dene Imam Nawawi nerangaken bilih ingkang dipun maksud “*ihtisab*” inggih menika minongko panjurung supados dumateng ngersakanipun Allah SWT, mboten ngajeng-ajeng dipun pirsani dening manungsa, lan mboten keranten perkawis ingkang ngrisak keikhlasan. Dados, sejatosipun wonten kalih perkawis ingkang dados motivasi utawi pendorong kagem nindakaken amal sae kagem saben piyantun Muslim, injih punika iman (yakin menawi tumindak sae punika perintah sangking Allah SWT ingkang kedah dipun tindakaken) lan *ihtisab* (dorongan supados pikantuk ganjaran saha ridho sangking Allah SWT). Wonten ing Ramadhan saha wonten ing sak njawinipun ramadhan, iman saha *ihtisab* kedah teras dipun kembangaken, supados piyantun Islam anggadahi motivasi kagem nindakaken amal ingkang sae. Menawi rikala dinten riyaya kita badhe *silaturahmi* dhumateng sederek-sederek lan rencang-rencang kita ingkang kathah, ingkang kedah dados penggerakipun inggih punika iman saha *ihtisab*; tegesipun pasederakan punika dipun dhawuhaken dening Allah SWT. lan nalika tiyang muslim nindakaken pasedrekan, Allah SWT badhe paring ridha marang pribadinipun. Pramila, ingkang dados penggerak mboten namung kepatutan sosial, nanging iman lan *ihtisab*. Semanten ugi punapa ingkang ndadosaken kita ajeg tindak dhateng mesjid, tansah kiat maos Al Qur'an, pasa sunnah, sedekah lan sanes-sanesipun? Jawabanipun injih punika keranten iman lan *ihtisab*.

Kanthi mekaten, kita badhe tansah gesang kanthi taqwa dhumateng Allah SWT. Kanthi tansah anjagi ketaatan dhumateng Allah SWT, kita nyandaraken gesang kita dhumateng Allah SWT. Celak kita dumateng Allah SWT. Badhe damelgesang kita langkung sae, langkung ayem, lan langkung tentrem. Wonten ing tengah-tengahipun beban gesang ingkang saya awrat, kita betah dukungan utawi sandaran sing kuat. Sandaran kasebatmboten dumateng materi, mboten dumateng jabatan, utawi pengaruh, punapa malih naming dateng pribadi kita piyambak. Dhukungan ingkang paling kiat wonten ing pagesangan kita injih punika dumateng Allah SWT.

مَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِنْ ذَكَرٍ أَوْ أَنْثَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَنُحْيِيَنَّهٗ حَيَاةً طَيِّبَةً

“Sing sapa wonge nglakoni amal shaleh, lanang utawa wadon, ana ing kahanan mukmin, mesthi bakal Ingsun paringi panguripan kang becik”
(Q.s. An-Nahl: 97).

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar, Walillahil hamd,

Ma’asyiral Muslimin Ingkang dipun rahmati Allah,

Saben-saben kita kepingin gesang ingkang becik (*hayaatan thayyibah*). Kabetahan ingkang kacekapan, kulawarga ingkang sami sehat, putra putri ingkang sholeh lan sholihah, masyarakat ingkang sami rukun, pakaryan ingkang dipun tindakaken kanthi sae, lan sanes-sanesipun. Kuncinipun kagem anggayuh sedaya kala wau inggih punika kita ngibadah dumateng Allah SWT kanthi sae lan ajeg. Ananging, kita manungsa asring kenging penyakit werni kalih ingkang ngalang-ngalangi kita sangking tumindak becik, yaiku keset lan taswif (ngrendhe-ngrende tumindak becik). Pramila Rasulullah saw paring syariat donga dumateng kita supados nyuwun pangayoman dumateng Allah sangking sifat kalih kala wau kanthi donga makaten :

اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْكَسَلِ وَسُوءِ الْكِبَرِ اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ
عَذَابٍ فِي النَّارِ وَعَذَابٍ فِي الْقَبْرِ

“Dhuh Allah, kawula nyuwun pangayoman dhumateng Paduka saking keset lan awon nalika sepuh. Dhuh Allah, kawula nyuwun pangayoman dhumateng Paduka saking siksa neraka lan siksa kubur.” (H.r. Muslim).

Mugi-mugi Allah SWT Tansah paring bimbingan marang kita sedanten lan kulawarga kita tansah wonten ing kataatan dumateng Allah SWT. Sepindah malih, Mangga kita njagi pengabdian kita wonten ngersanipun Allah SWT saksampunipun wulan Ramadhan nun injih sangking dinten pratama wulan syawal punika ngantos dinten-dinten saklajengipun. *Aamiin*

أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ
الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، حَمْدًا يُؤَافِي نِعَمَهُ وَيُكَافِيهِ مَزِيدَهُ، يَا رَبَّنَا لَكَ
الْحَمْدُ وَلَكَ الشُّكْرُ كَمَا يَنْبَغِي لِجَلَالِ وَجْهِكَ وَعَظِيمِ سُلْطَانِكَ.
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا وَحَبِيبِنَا وَشَفِيعِنَا وَكَرِيمِنَا وَمَوْلَانَا مُحَمَّدٍ، سَيِّدِ
الْأَوَّلِينَ وَالْآخِرِينَ، وَسَلِّمْ وَرَضِيَ اللَّهُ تَعَالَى عَنْ كُلِّ صَحَابَةِ رَسُولِ اللَّهِ
أَجْمَعِينَ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ
مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدُّعَاءِ.
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَلِوَالِدَيْنَا وَارْحَمْهُمْ كَمَا رَبَّوْنَا صِغَارًا
اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ حَقًّا وَارْزُقْنَا اتِّبَاعَهُ وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارْزُقْنَا
اجْتِنَابَهُ

اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ، وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُسْرِكِينَ، وَانصُرْ
عِبَادَكَ الْمُوَحِّدِينَ.

رَبَّنَا هَبْ لَنَا حُكْمًا وَأَلْحِقْنَا بِالصَّالِحِينَ، وَاجْعَلْ لَنَا لِسَانَ صِدْقٍ فِي
 الْآخِرِينَ، وَاجْعَلْنَا مِنْ وَرَثَةِ جَنَّةِ النَّعِيمِ.
 رَبَّنَا عَلَيْكَ تَوَكَّلْنَا وَإِلَيْكَ أَنَبْنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ.
 بِسْمِ اللَّهِ الَّذِي لَا يَضُرُّ مَعَ اسْمِهِ شَيْءٌ فِي الْأَرْضِ وَلَا فِي السَّمَاءِ وَهُوَ
 السَّمِيعُ الْعَلِيمُ.
 رَبَّنَا تَقَبَّلْ مِنَّا إِنَّكَ أَنْتَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ.
 رَبِّ اجْعَلْ هَذَا بَلَدًا ءَامِنًا، وَارْزُقْ أَهْلَهُ مِنَ الثَّمَرَاتِ مَنْ ءَامَنَ مِنْهُمْ
 بِاللهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ^ط
 رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ
 سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ
 رَبِّ الْعَالَمِينَ
 اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

و السلام عليكم ورحمة الله وبركاته